


Abortion Access Hub (Nimewo Asistans pou Avòtman) Vil New York



Sipò Konfidansyèl pou Sèvis Avòtman ak Swen

Avòtman se yon sèvis swen sante ki san danje, moun konnen pou mete fen nan yon gwosès. Ozetazini, yon fanm sou kat (4) ap fè avòtman anvan laj 45 lane.* Fè yon avòtman se yon desizyon pèsònèl. Okenn moun pa ta dwe ba w presyon pou fè oswa pa fè yon avòtman.

Nan Vil New York (New York City, NYC,) avòtman an legal, li san danje epi li disponib pou nenpòt moun ki rele Nimewo Asistans pou Avòtman an, kèlkeswa sityasyon imigrasyon l oswa asirans li. **Pou referans nan sèvis yo, rele Nimewo Asistans la nan 877-692-2482, Lendi jiska Vandredi, soti 8è AM rive 8è PM**

Nimewo Asistans la mete moun ki rele yo an kontak ak pwofesyonèl swen sante ki gen lisans nan zafè avòtman nan NYC. Si yon moun ki rele bezwen èd lajan, navigatè yo nan Sant Asistans la ap mete li an kontak ak resous yo, tankou jwenn èd lajan pou pwosedi avòtman an ak èd pou transpò ak lojman. Yo mete moun ki rele ki ka elijib pou Medicaid yo an kontak ak pwofesyonèl swen sante ki kapab enskri pasyan nan Medicaid.

Tout apèl nan Nimewo Asistans la konfidansyèl ak anonim. Yo pa kolekte ni anrejistre okenn enfòmasyon pèsònèl, epi anplwaye yo bay sipò nan plizyè lang, tankou Anglè, Panyòl, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Chinwa, Bengali, Ris, Yidich, elatriye.

Tanpri sonje genyen kèk etablisman ki kont avòtman — pafwa yo rele yo sant gwosès aksidantèl oswa sant resous pou gwosès — k ap eseye anpeche moun fè avòtman. Si w rankontre yon fo klinik, rele **311** pou w siyale l. Lalwa pa egzije etablisman sa yo pou yo kenbe enfòmasyon pèsònèl ou yo sekre. Si w panse yon konpayi oswa òganizasyon ap vyole dwa moun nan zafè pwoteksyon enfòmasyon medikal, ou kapab depoze yon plent nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini nan **[hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint](https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint)**.

- Nan NYS, ou kapab fè yon avòtman pou nenpòt rezon jiska 24 semèn gwosès, oswa pita si sante w an danje oswa si gwosès ou a p ap kontinye.
- Si w bezwen fè yon avòtman epi ou pa konnen sou konbyen semèn gwosès ou ka ye, ou gendwa rele oswa ale kay yon pwofesyonèl swen sante nan zafè avòtman pou l detèmine si w elijib. Gen kèk lòt Eta ki kapab bay sèvis avòtman tou pi devan nan yon gwosès pou nenpòt rezon.
- Gen de (2) kalite avòtman: youn fèt ak medikaman epi lòt la fèt ak entèvansyon. Pwofesyonèl swen sante w la gendwa rekòmande yon kalite selon preferans ou, antesedan medikal ou ak kantite semèn ou genyen depi lè w te gen dènye règ ou.
- Nan NYS, adolesan yo kapab benefisye sèvis sante seksyèl, tankou swen pou avòtman, nan nenpòt klinik sante san otorizasyon paran yo oswa san paran yo pa konnen.
- Nan NYS, yo entèdi diskriminasyon ak asèlman ki gen pou wè ak desizyon sou sante repwodiktif. Pou w jwenn enfòmasyon jiridik gratis sou avòtman, rele liy asistans Pwokirè Jeneral New York la nan 212-899-5567.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante, sèvis peman ak sipò, avòtman pou imigran, ak fason pou pwoteje enfòmasyon medikal ou yo, rele Sant Asistans la nan 877-692-2482, oswa ale sou **nyc.gov/abortion**.